Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 11 (93198) / 12 март 2018 с. / итни 24 Джумадуль-ахир 1439 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

## РИЩИЯЛ - 2018

18 март - рищиязул къо! Киналго рищиязде!

### ОБРАЩЕНИЕ
### Председателя Избирательной комиссии Республики Дагестан к молодым избирателям

***Уважаемые молодые избиратели!***

18 марта 2018 года состоится голосование на выборах Президента Российской Федерации. Всем нам предстоит сделать выбор, который станет судьбоносным для дальнейшего развития нашего государства. Этот выбор должен быть взвешенным и осознанным.

На территории нашей республики созданы все необходимые условия, чтобы избиратели приняли участие в голосовании.

Гражданский долг каждого избирателя – прийти на избирательный участок и отдать свой голос за достойного кандидата. Особенно важно сделать этот шаг, если вы по Конституции Российской Федерации впервые получили право принять участие в выборах. В Дагестане более 12 тыс. 500 молодых избирателей получают такое право 18 марта 2018 года. Голос каждого может стать решающим.

Участие в выборах – это показатель гражданской зрелости и готовности к тому, чтобы взять на себя ответственность за формирование государственной власти в стране. Позиция молодого человека, который сделал свой сознательный выбор на избирательном участке, – это позиция того, кто не позволит решать за себя.

Мы живем в стране, которая претендует на лидерство в мире, и ей нужны сильные, образованные, ответственные граждане, знающие свои права и способные за них постоять.

Желаю молодым избирателям стать активными участниками избирательного процесса. Молодежь имеет право и может определять свое будущее и будущее России.

***М.Т. ДИБИРОВ,***
***Председатель избирательной комиссии***
***Республики Дагестан***

## ЖамгIияб палатаялъул денделъи...

1 марталда районалъул библиотекаялъул цIалдолезул залалда тIобитIана ЖамгIияб палатаялъул иргадулаб данделъи. Гьенире гIахьаллъана- ЖамгIияб палатаялъул росабалъа членал, ригь аразул Советалъул председатель М.ГI. Чупалаев, «Цогояб Россия» партиялъул бакIалда бугеб отделениялъул политсоветалъе нухмалъулев С.XI. Алтумирзаев, рагъул ва захIматалъул Советалъул председатель Х.ГI. МухIамадхIабибов ва цогидалги жавабиял хIалтIухъаби.



Росабазул гIорхъабазда ругел ва рохьил магIишаталъул жавабкьеялде кколел ракьал гIадамазухъе хIалтIизаризе кьеялда сверухъ бугеб ахIвал-хIалалъул гьениб бицана «Казбеклес» ОООялъе нухмалъулев И.ХIусейновас. ТIасан кIалъаял гьаруна- Д.Динаевас ва С. Алтумирзаевас.

2017соналъ ЖамгIияб палатаялъ гьабураб хIалтIул хIисаб кьуна ХI. Адимирзаевас. Гьединго, гьес гьениб рехсана гьаб соналъ гьаризе планалде росарал хIалтIаби.

***М. ЯНДАЕВА, Дилим росу.***

## Лъимерлъиялъул 10 сон



Россиялъул Президент В. В. Путинил Указалда рекъон, 2018 - 2027 сонал лъазарун руго лъимерлъиялъул соналлъун. Гьеб Указалда мухIкан рехсон гьечIо гьаризе тIадал ишал ва тIоритIизе кколел тадбирал. Гьелъ бихьизабула бакIазда лъималазул гIумру лъикIлъизабиялда тIад гьабизесеб хIалтIуе гIорхъи лъун гьечIеблъи ва гьеб лъикIаблъун лъугьиналъе бажараб хIалтIи гьабизе кколеблъи.

Балъголъи гуро, тIоцебесеб иргаялда, гьеб суалалда сверухъ хIалтIи гьабизе ккани лъималазул ахал чIезаризе кколеблъи. БегIерго чIун буго гьеб суал нилъер районалда цебеги. Хасго хIалуцараб ахIвал-хIал буго Ленинаул росулъ. Районалъул росабазда гьоркьоб бищун кIудияблъун кколеб гьеб росулъ яшав гьабун буго 10-азаргоялдаса цIикIкIун чияс, ва гьениб буго школалде ине заман щвечIеб 1493 лъимер. ГьабсагIаталда лъималазул ахазда гьениб буго 318 лъимер, гьеб ккола росдал киналниги лъималазул 21%, районалъул даражаялда 52% лъималазул ясли-ахазде унеб гьеч1о.

**«2017 соналъул сентябралда нижеца лъайкьеялъул министерствоялде кьуна Ленинаул росулъ 300 лъимералъе бакI бугеб ясли- ах баялъе гIарза»**,-ян абуна РУОялъул методист Марият ЛатIиповалъ.

Лъималазул ах гьениб баялда тIасан гара- чIвари гьабуна I марталда тIобитIараб дандчIваялда районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаевас ва гьелъие инвесторлъи гьабизе тIаде босарав Эльмурад Джамалдиновас.

**«Лъималазул ах базе тIаде боси буго лъикIаб иш, амма гьелъие рекъараб ва санагIалъи бугеб бакI бищиялдасан байбихьун, гьениб хIинкъигьечIолъи чIезабиялде гIунтIун, гьарулел ишазулъ букIине ккола нормаби ва законалъул нилъедехунисел тIалабал цIуни. Нижеца нужее кIвараб кумек гьабизе буго»,-**ян абуна ХI. Мусаевас.

**«Нижер киналниги документал гьариялъулъ цIунун буго низам, росдал администрациялда данд бачIого, нижеца щибниги гьабуларо»,-** ян абуна Э. Джамалдиновас.

Жидедехунисеб бербалагьиялъухъ баркалаги загьир гьабун, Эльмурадица районалъул бетIер ахIана бакIалда гьарулел хIалтIабазул хал гьабизе.

## Наркоманиялде дандечIеялъул комиссиялда...



6 марталда районалъул администрациялда тIобитIана наркоманиялде дандечIеялъул комиссиялъул данделъи.

Гьелъул хал гьабиялде росарал суалазул аслияблъун букIана:

Наркомания тIибитIунгутIиялда, сахлъигун гIумру гьабиялда тIад 2017 соналъ гьабураб хIалтIи. Наркоманиялъ унтаразе тIоцебесеб медицинаялъулаб кумек гьаби.

(ЦРБялъул бетIерав тохтур М-р. З. ЛатIипов).

КIалъазе вахъарав М.-р.З.ЛатIиповас гьениб бицана районалда наркомания тIибитIунгутIиялда сверухъ гьабураб хIалтIул, гIолел – гIоларел рахъазул, дандчIварал захIмалъабазул ва цере чIарал масъалабазул.

Докладалда тIасан кIалъарал- И.Булатхановас, ГI.Закарьяевас, И.Идрисовас, М.-р.Асадулаевас бицен гьабуна жиде-жидер гIуцIабазда наркоманиялде дандечIеялъе гьабулеб хIалтIул.

Данделъиялъул хIасил гьабулеб жиндирго кIалъаялда ХI.ХI. Мусаевас абуна: ***«Араб соналъ наркоманиялде дандечIеялда сверухъ гIезегIанго хIалтIи гьабуна. ХIажат буго гьабураб хIалтIул г1емераб бицен гьабичIого, хутIараб бетIералде бахъинабизе, ва, бегIерго, цере чIарал масъалабазда тIад цадахъаб хIалтIи гьабизе»,-***ян.

***Информагентство «Салатавия»***

Г1агараб газеталъул божарал гъудулзаби,

# 8 март – Халкъалда гьоркьосеб руччабазул къо

## Баркула нужеда 8 Март!

Хириял руччаби, улбулгин яцал,
Баркула нужеда рохалил байрам.
Гьарула талих1аб г1умру нужее,
Г1узраби к1очараб сахлъи нужее.

Гъаст1а бакараб ц1а свине толарел,
Хъизан-лъималазул т1алаб гьабулел,
Рукъалъул г1унгут1ал лъазе толарел,
Къварилъиги бахчун, сабру гьабулел.

Бихьиназда цадахъ дунял г1уц1улел,
Нижер г1умруялъулъ хасаб бак1 кколел,
Нужер зах1маталъе, къо х1ехьеялъе,
Бет1ер г1одоб къулун, гьабула х1урмат.

*Мух1амад Къудуев, Ленинаул росу.*



## Рещалъе мустах1икъал



**УмалхIатова Загьра Султанмажитовна**

Гьаюна 1955 соналъ Ленинаул росулъ. 1974 соналъ гIолилай хIалтIизе лъугьана Гуни росдал клубалъул методистлъун. 21 соналъ бажарун тIубазабуна гьелъ тIадкъараб хIалтIи. Щвана бечедаб хIалбихьи. 1995 соналдаса байбихьун, бетIерлъи гьабулеб буго культураялъул Рукъалъе.

Загьрал хIалтIуе лъикIаб къимат кьола росдал г1адамаз. Гьей кидаго йикIуна цебесеб кьерда. Пемерал соназ, ракIбацIцIадго гIадамазе гьабулеб хъулухъ бихьун, гьей кIодо гьаюна «Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъай хIалтIухъан» абураб цIаралдалъун ва цогидал шапакъатаздалъун.

**ХIайбаева Меседо МухIамадкамиловна**



гьаюна 1960 соналъ Дилим росулъ. ЦIалана росдал гьоркьохъеб школалда. ЗахIматалъул нух байбихьана «Коммунист», гьанжесеб «Чапар» газеталъул редакциялде хIалтIизе лъугьиналдасан.

Тарбия кьун, гIезабуна кIиго лъимер. Коллективалда гьоркьоб гьелъул буго кIудияб хIурмат. ТIадкъараб хIалтIи тIубала кIвахI гьечIого. Меседо кIодо гьаюна Дагъистан Республикаялъул печаталъулгун бухьеналъул Министерствоялъул, редакциялъул ХIурматалъул грамотабаздалъун.

## Ихдалил байрамгун!

Южный Кореялъул Пхёнчханалда
Россиялъул къадру цIунун къеркьарал,
Россиялъул ясал,дица нужеда,
ТIоцебе баркула микьабилеб март.

Ихдалил гьайбатаб гьаб байрам дица,
Хасгьабун, баркула гIолел ясазда.
Нилъер умумузул тарихги цIарги,
ЦIуне нужецаян аманатги хъван.

МагIарул гIадатги,яхIги, намусги,
Пумруялъ рехичIел, херлъарал улбул,
Халкъалда гьоркьосеб микьабилеб март,
Къвал жемун, баркула дица нужеда.

Цого классалда цадахъ цIаларал,
ЦIалулъги хIалтIулъги жал лъадарарал,
Районцоял ясал, нужеда дица,
РакI-ракIалъ баркула 8 март.

«Чапар» газеталъул редакциялда
Пемерал сонаца цадахъ хIалтIарал,
Х1урматиял ясал, ясал-мусудул,
Баркула нужеда ихдалил байрам.

*МухIамадбег АБУЛАЕВ, Гуни росу.*

## Бищунго аслияблъун ккола...

Дагъал церегIан къояз дун дандчIвана Буртунай росдал администрациялъул бетIер Салманов АхIмад МухIамадовичгун. Гьоркьехун рехсолел руго дица гьесие кьурал суалал ва гьесул жавабал:

**Суал: АхIмад МухIамадович! Гьаб ахирияб заманалда нилъер республикаялда, ай, тIолабго улкаялдаго кколел руго чIахIиял хиса-басиял. Хисулел руго хIакимзаби, тIаде щолел руго рищиял. I8 марталда вищизе вуго Россиялъул Президент. Щиб дуца абулеб гьел хиса-басиязда?**

**Жаваб**:КIудияб улкаялда хиса-басиял ккечIого, гьайгьай, рукIунаро.Цоял рачIун, цогидал ун букIунеб жо буго гIумру. Падада гурелъул халкъияв шагIир ХъахIаб росулъа МахIмудида, БакьагьечIиса ЧIанкIаца абун бугеб:

- ***Бергьарал къавуда,***
***Къарал гIияда,***
***Къо тIагIарал хабалъ,***
***ХутIарал берталъ-ан.***

Пумруялдаги гьедин букIуна иш. Бергьарал къавуда , къарал гIияда рукIуна. Гьеб нилъеда хисизабизе кIолеб жоги батуларо. Хисунги нилъее хIажат гьечIо,нилъедаса рикIкIада буго гьеб.

Рищиял тIоритIиги нилъее гIадаб жо гьечIо. Гьеб буго пачалихъалъул аслияб законалда рекъон, тIобитIулеб тадбир. Узухъда, кибго гIадин, Буртунаялдаги рищиял тIоритIизе руго тIадегIанаб даражаялда.

**Суал: Кинаблъун букIараб дуе араб, 20I7 сон? Кинал масъалаби тIурарал, кинал тIурачIого хутIарал?**

**Жаваб**: Араб соналъ росдал администрациялда цере чIарал масъалаби дагьал рукIинчIо.

Нижеца хасаб кIвар буссинабун букIана росулъ гIадлу-низам чIезабиялде, гIадамазул рукIарахъин лъикIлъизабиялде ва гIун бачIунеб гIелалъе рухIияб тарбия кьеялде.



**Суал: Кинабха ккараб хIасил? ТIуразе кIванищ гьел масъалаби?**

**Жаваб**: Абизе бегьула, гьел масъалаби администрациялъ, росдал жамагIаталъулги, жамгIиял гIуцIабазулги кумекалдалъун, гIумруялде рахъинаризе кIванин,планалде росарал цо-цо суалал гIодоргоги хутIанин.

**Суал: Кинал суалал тIуразе кIвечIел?**

**Жаваб**: Нижеца планалде росун рукIана, араб соналъул ахиралде, росулъ ругел гьобоги пилорамаги хIалтIизе риччазе. **«Хъерен»** авалалда, гьоркьоса къотIичIого, лъим букIунеб хIал гьабизе. **«Цебе хъутур»** участокалда бугеб хIавузалъе ремонт гьабизе, росдал гIолилазе минаби разе ва ах-хуралъе бакIал кьезе.

Гьединго, ракIалда букIана рохь-хъарахъалдаса, рехун тун ругел ракьал рац1цIине, гIадамазул тIалабалде гьел кьезе, спонсоразул кумекалдалъун, участковияб больница ва спортивияб зал разе.

КIвар бугел гьел масъалаби цо-цо гIиллабазда ран, тIурачIого хутIана.

РакIалда буго, Аллагьас хъван батани, 20I8 соналъ гьел тIолалго суалал гIумруялде рахъинаризе.

**Суал: АхIмад МухIамадович, лъидасан ва кинаб кумек дуе хIажат бугеб гьел тIуразе ккани?**

**Жаваб**: ТIоцебесеб иргаялда, дие хIажат буго росдал гIадамазул кумек,хадуб - районалъе нухмалъулезул, росдалгун районалъул Собраниязде рищарал депутатазул ва росдал активалълъулгун жамгIиял гIуцIабазул. Цо хъаталъул гьаракь бахъунаро. ХIажат буго, тIолазулго хъатаз гьаракь бахъинабизе, цадахъ рекъон,цоцазухъ гIенеккун, гIодоре риччан, хIалтIи гьабизе.

ТIадехун рехсарал суалазул бищунго аслияблъун ккола гIолохъабазе минаби разе бакIалги, гIадамазе хурзалги кьейи. Цогиял суалал хадусан ги бетIералде рахъинаризе бегьулел.

*Ибрагьим ИДРИСОВ.*

## Кьолохъе бук1уна гьасул «Маххул чу»

***Нек1сияб Грециялъул философ Диогеница цо х1алт1ухъанасде гьикъанила:***

***-Цогидал г1адамазде данде ккун, дур т1ок1лъи сундулъ бугеб? - ан.***

***-Дир кинабг1аги т1ок1лъи гьеч1о. Цоги г1адамал кваназе г1оло х1алт1ула, дун х1алт1изе г1оло кванала,-ян абунила гьес.***



Рак1алде ккола Диогенил суалалъе гьединабго жаваб кьелаанин гьаб макъалаялда бицен гьабулев Занкиев Мух1амадицагиян. Мух1амад гьавуна 1955 соналъ Ленинаул росулъа колхозчаг1и: Занкиев Мух1амадг1алил ва Занкиева Езих1атил хъизаналда. Зах1мат бокьиги г1агараб ракьалде рокьиги гьит1инго хасиятаблъун лъугьана Мух1амадие.

1963 соналъ гьес лъуг1изабуна росдал гьоркьохъеб школа, ана Советияб Армиялде. Т1адаб налъиги т1убан вач1араласда, ц1ализе лъугьана Хасавюрт шагьаралъул СПТУялъул механизаторал х1адурулеб отделениялде. Щвана тракторясул махщел. Х1алт1изе лъугьана г1агараб росдал «Гьудуллъи» колхозалде. Жакъа къоялде щвезег1анги Мух1амад гьенив х1алт1улев вуго. Гьесул «Маххул чу» къват1ибе бахъине кидаго кьолохъе бук1уна. Т1адкъараб х1алт1и,гьава-бакъалъул санаг1алъи гьеч1олъиялде балагьич1ого т1убалеб бук1иналъ, росдал г1адамаз гьесул х1урмат гьабула.

Г1адада ккеч1о М. Занкиевасул зах1мат. Колхозалъул правлениялъул, районалъул администрациялъул ва республикаялъул росдал маг1ишаталъул Министерствоялъул рахъаздасан гьев к1одо гьавуна къиматал сайг1атаздалъун, Х1урматалъул грамотабаздалъун ва дипломаздалъун. Мух1амадил буго цоцалъ гъункараб, лъик1аб тарбия щвараб хъизан. Руго к1иго васги к1иго ясги. Гьелги лъугьана зах1мат бокьулел, иман бугел, жидеца ва жидер х1урмат гьабулел лъималлъун.

Х1алт1удаса эркенаб заманалда Мух1амадица ва хъизан-лъималаз ц1алула районалъул газета, хасго гьесие рокьула х1алт1ул церехъабазул, рагъул ветераназул, гьединго, исламалъул х1акъалъулъ хъварал макъалаби.

*Х1. КАРИМОВА.*

# РЕШЕНИЕ

**1 марта 2018 г. № 6/104 с. Дылым.**

***«О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Казбековский район»***

С целью приведения Устава муниципального образования в соответствие с федеральным и региональным законодательством Собрание депутатов муниципального района

**РЕШИЛО:**

I. Внести в Устав муниципального образования «Казбековский район» следующие изменения и дополнения:

**1. часть 1 статьи 1 изложить в следующей редакции:**

«1. Муниципальное образование «Казбековский район» Республики Дагестан наделено статусом муниципального района (далее – муниципальный район) Законом Республики Дагестан от 13.01. 2005 г. №6 **«О статусе муниципальных образований Республики Дагестан».**

**2. часть 2 статьи 6 дополнить пунктом 1.1 следующего содержания:**

"1.1) осуществление в ценовых зонах теплоснабжения муниципального контроля за выполнением единой теплоснабжающей организацией мероприятий по строительству, реконструкции и (или) модернизации объектов теплоснабжения, необходимых для развития, повышения надежности и энергетической эффективности системы теплоснабжения и определенных для нее в схеме теплоснабжения в пределах полномочий, установленных Федеральным законом "О теплоснабжении";

**3. часть 1 статьи 7 дополнить пунктом 13 следующего содержания:**

«13) оказание содействия развитию физической культуры и спорта инвалидов, лиц с ограниченными возможностями здоровья, адаптивной физической культуры и адаптивного спорта.»;

**4. пункт 11 части 1 статьи 7 изложить в следующей редакции:**

«11) создание условий для организации проведения независимой оценки качества условий оказания услуг организациями в порядке и на условиях, которые установлены федеральными законами, а также применение результатов независимой оценки качества условий оказания услуг организациями при оценке деятельности руководителей подведомственных организаций и осуществление контроля за принятием мер по устранению недостатков, выявленных по результатам независимой оценки качества условий оказания услуг организациями, в соответствии с федеральными законами;»; **(вступает в силу 06.03.2018 года)**

**5. часть 1 статьи 8 дополнить пунктом 7.1 следующего содержания:**

«7. 1) полномочиями в сфере стратегического планирования, предусмотренными Федеральным законом от 28 июня 2014 года № 172-ФЗ "О стратегическом планировании в Российской Федерации";»;

6. **пункт 9 части 1 статьи 8 изложить в следующей редакции:**

«9) организация сбора статистических показателей, характеризующих состояние экономики и социальной сферы муниципального района, и предоставление указанных данных органам государственной власти в порядке, установленном Правительством Российской Федерации;»;

**7. часть 7 статьи 11 изложить в следующей редакции:**

«7. В ходатайстве инициативной группы по проведению референдума должен (должны) содержаться вопрос (вопросы), предлагаемый (предлагаемые) инициативной группой для вынесения на референдум, должны быть указаны фамилия, имя, отчество, дата и место рождения, серия, номер и дата выдачи паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина, с указанием наименования или кода выдавшего его органа, а также адрес места жительства каждого члена инициативной группы и лиц, уполномоченных действовать от ее имени на территории, где предполагается провести референдум. Ходатайство инициативной группы должно быть подписано всеми членами указанной группы, **а в случае выдвижения инициативы проведения референдума избирательным объединением, иным общественным объединением ходатайство должно быть подписано всеми членами руководящего органа этого избирательного объединения, иного общественного объединения либо руководящего органа его регионального отделения или иного структурного подразделения (соответственно уровню референдума), поддержавшими решение о выдвижении инициативы проведения референдума.**

К ходатайству должен быть приложен протокол собрания инициативной группы по проведению местного референдума, на котором было принято решение о выдвижении инициативы проведения местного референдума.»;

**8. пункт 3 части 3 статьи 15 изложить в следующей редакции:**

«3) проект стратегии социально-экономического развития муниципального района.»;

**9. часть 4 статьи 15 изложить в следующей редакции:**

«4. Порядок организации и проведения публичных слушаний по проектам и вопросам, указанным в части 3 настоящей статьи, определяется уставом муниципального образования **и нормативными правовыми актами Собрания депутатов** и должен предусматривать заблаговременное оповещение жителей муниципального района о времени и месте проведения публичных слушаний, заблаговременное ознакомление с проектом муниципального правового акта, другие меры, обеспечивающие участие в публичных слушаниях жителей муниципального района, опубликование (обнародование) результатов публичных слушаний, включая мотивированное обоснование принятых решений.»;

**10. часть 5 статьи 15 изложить в следующей редакции:**

«5. По проектам генеральных планов, проектам правил землепользования и застройки, проектам планировки территории, проектам межевания территории, проектам правил благоустройства территорий, проектам, предусматривающим внесение изменений в один из указанных утвержденных документов, проектам решений о предоставлении разрешения на условно разрешенный вид использования земельного участка или объекта капитального строительства, проектам решений о предоставлении разрешения на отклонение от предельных параметров разрешенного строительства, реконструкции объектов капитального строительства, вопросам изменения одного вида разрешенного использования земельных участков и объектов капитального строительства на другой вид такого использования при отсутствии утвержденных правил землепользования и застройки проводятся общественные обсуждения или публичные слушания, порядок организации и проведения которых определяется **нормативным правовым актом Собрания депутатов** с учетом положений законодательства о градостроительной деятельности.»;

**11. часть 3 статьи 21 исключить;**

**12.** пункт 4 **части 1 статьи 24 изложить в следующей редакции:**

«4) утверждение стратегии социально-экономического развития муниципального района;»;

**13. статью 26 дополнить частями 6.1, 6.2, 6.3, 6.4 следующего содержания:**

«6.1. Встречи депутата с избирателями проводятся в помещениях, специально отведенных местах, а также на внутридворовых территориях при условии, что их проведение не повлечет за собой нарушение функционирования объектов жизнеобеспечения, транспортной или социальной инфраструктуры, связи, создание помех движению пешеходов и (или) транспортных средств либо доступу граждан к жилым помещениям или объектам транспортной или социальной инфраструктуры. Уведомление органов исполнительной **власти Республики Дагестан** или органов местного самоуправления о таких встречах не требуется. При этом депутат вправе предварительно проинформировать указанные органы о дате и времени их проведения.

6.2. Органы местного самоуправления определяют специально отведенные места для проведения встреч депутатов с избирателями, а также определяют перечень помещений, предоставляемых органами местного самоуправления для проведения встреч депутатов с избирателями, и порядок их предоставления.

6.3. Встречи депутата с избирателями в форме публичного мероприятия проводятся в соответствии с законодательством Российской Федерации о собраниях, митингах, демонстрациях, шествиях и пикетированиях.

6.4. Воспрепятствование организации или проведению встреч депутата с избирателями в форме публичного мероприятия, определяемого законодательством Российской Федерации о собраниях, митингах, демонстрациях, шествиях и пикетированиях, влечет за собой административную ответственность в соответствии с законодательством Российской Федерации.»;

**14. часть 5 статьи 30 изложить в следующей редакции:**

«5. В случае, если глава муниципального района, полномочия которого прекращены досрочно на основании правового акта Главы Республики Дагестан об отрешении от должности главы муниципального района либо на основании решения Собрания депутатов муниципального района об удалении главы муниципального района в отставку, обжалует данные правовой акт или решение в судебном порядке, Собрание депутатов муниципального района не вправе принимать решение об избрании главы муниципального района, избираемого Собранием депутатов муниципального района из числа кандидатов, представленных конкурсной комиссией по результатам конкурса, до вступления решения суда в законную силу.»;

**15. статью 30 дополнить частью 6 следующего содержания:**

«6. В случае досрочного прекращения полномочий главы муниципального района избрание главы муниципального района, избираемого Собранием депутатов муниципального района из числа кандидатов, представленных конкурсной комиссией по результатам конкурса, осуществляется не позднее чем через шесть месяцев со дня такого прекращения полномочий.

При этом если до истечения срока полномочий Собрания депутатов муниципального района осталось менее шести месяцев, избрание главы муниципального района из числа кандидатов, представленных конкурсной комиссией по результатам конкурса, осуществляется в течение трех месяцев со дня избрания Собрания депутатов муниципального района в правомочном составе.»;

**16. часть 6 статью 41 изложить в следующей редакции:**

«6. Изменения и дополнения, внесенные в устав муниципального района и изменяющие структуру органов местного самоуправления, разграничение полномочий между органами местного самоуправления (за исключением случаев приведения устава муниципального района в соответствие с федеральными законами, а также изменения полномочий, срока полномочий, порядка избрания выборных должностных лиц местного самоуправления), вступают в силу после истечения срока полномочий главы муниципального района, подписавшего муниципальный правовой акт о внесении указанных изменений и дополнений в устав муниципального района.»;

**17. статью 41 дополнить частью 8 следующего содержания:**

«8. Изменения и дополнения в устав муниципального района вносятся муниципальным правовым актом, который оформляется решением Собрания депутатов муниципального района, подписанным его председателем и главой муниципального района.»;

**18. часть 4 статьи 43 изложить в следующей редакции:**

«4. Муниципальные нормативные правовые акты, затрагивающие права, свободы и обязанности человека и гражданина, устанавливающие правовой статус организаций, учредителем которых выступает муниципальное образование, а также соглашения, заключаемые между органами местного самоуправления, вступают в силу после их официального опубликования (обнародования).»;

**19. Статью 55 –исключить;**

**20. часть 2 статьи 68 изложить в следующей редакции:**

«2. Государственные органы, уполномоченные на осуществление государственного контроля (надзора) за деятельностью органов местного самоуправления и должностных лиц местного самоуправления в соответствии с федеральными законами и законами Республики Дагестан, включая территориальные органы федеральных органов исполнительной власти и органы исполнительной власти Республики Дагестан (далее - органы государственного контроля (надзора), осуществляют в пределах своей компетенции контроль (надзор) за исполнением органами местного самоуправления и должностными лицами местного самоуправления Конституции Российской Федерации, федеральных конституционных законов, федеральных законов и иных нормативных правовых актов Российской Федерации, Конституций Республики Дагестан, законов и иных нормативных правовых актов Республики Дагестан, настоящего Устава и иных муниципальных нормативных правовых актов при решении ими вопросов местного значения, **осуществлении полномочий по решению указанных вопросов, иных полномочий и реализации прав**, закрепленных за ними в соответствии с федеральными законами, уставами муниципальных образований, а также за соответствием муниципальных правовых актов требованиям Конституции Российской Федерации, федеральных конституционных законов, федеральных законов и иных нормативных правовых актов Российской Федерации, Конституций Республики Дагестан, законов и иных нормативных правовых актов Республики Дагестан, настоящего Устава.»

II. Главе муниципального образования «Казбековский район» в порядке, установленном Федеральным законом от 21.07.2005г. №97-ФЗ «О государственной регистрации уставов муниципальных образований», представить настоящее Решения «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Казбековский район» на государственную регистрацию в Управление Министерства юстиции Российской Федерации по Республике Дагестан.

III. Главе муниципального образования «Казбековский район» опубликовать (обнародовать) Решение «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Казбековский район» в течение семи дней со дня его поступления **с** Управления Министерства юстиции Российской Федерации по Республике Дагестан после его государственной регистрации.

IV. Настоящее решение вступает в силу со дня его официального опубликования (обнародования), произведенного после его государственной регистрации.

***Председатель Собрания депутатов Г.М.ГИРИСХАНОВ.***
***Глава МО «Казбековский район» Г.Г. МУСАЕВ.***

# РЕШЕНИЕ

**1 марта 2018 г. № 6/105 с. Дылым.**

***Об утверждении Порядка определения цены продажи земельных участков, находящихся в собственности муниципального района «Казбековский район» при заключении договоров купли-продажи земельных участков без проведения торгов.***

В соответствии со статьей 39.4 Земельного кодекса Российской Федерации, руководствуясь Постановлением Правительства Российской Федерации от 26.03.2015 № 279, **«Об утверждении правил определения цены земельного участка, находящегося в федеральной собственности, при заключении договора купли продажи такого земельного участка без проведения торгов»,** закона Республики Дагестан от 20.12.2017 г. **«О порядке определения цены продажи земельных участков, находящихся в собственности Республики Дагестан, и земельных участков, государственная собственность на которые не разграничена, при заключении договоров купли-продажи земельных участков без проведения торов»,** Уставом муниципального района, Собрание депутатов муниципального района

***РЕШИЛО:***

1. Утвердить прилагаемый Порядок определения цены продажи земельных участков, находящихся в собственности муниципального района **«Казбековский район»** при заключении договоров купли-продажи земельных участков без проведения торгов.

2. Признать утратившим силу Решение Собрания депутатов от 16 ноября 2016г №6/51 «О порядке определения цены земельного участка, находящегося в муниципальной собственности муниципального района **«Казбековский район»** (далее-земельный участок), при заключении договора купли-продажи земельного участка без проведения торгов».

3. Настоящее решение опубликовать в газете **«Чапар»** и разместить в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет» на официальном сайте муниципального района **«Казбековский район».**

***Председатель Г.М. ГИРИСХАНОВ.***

Приложение:
Утвержден решением Собрания депутатов
муниципального района «Казбековский район»
№ 6/105 от 1.03. 2018 г.

Порядок определения цены продажи земельных участков, находящихся в собственности муниципального района **«Казбековский район»** при заключении договоров купли-продажи земельных участков без проведения торгов.

1. Настоящий порядок определяет цену продажи земельных участков, находящихся в собственности муниципального района **«Казбековский район»** при заключении договоров купли-продажи земельных участков без проведения торгов, если иное не установлено федеральными законами

2. Цена продажи земельного участка определяется в размере его кадастровой стоимости, действующей на момент обращения заявителя, за исключением случаев, предусмотренных пунктами 3-5 настоящей статьи;

3. Цена продажи земельного участка определяется в размере 3 процентов его кадастровой стоимости, действующей на момент обращения заявителя:

а) при продаже земельного участка, образованного в результате раздела земельного участка, предоставленного некоммерческой организации, созданной гражданами для комплексного освоения территории в целях индивидуального жилищного строительства, и относящегося к имуществу общего пользования этой некоммерческой организации;

б) при продаже земельных участков, образованных в результате раздела земельного участка, предоставленного юридическому лицу для ведения дачного хозяйства и относящегося к имуществу общего пользования, указанному юридическому лицу;

4. цена продажи земельного участка определяется в размере 2,5 процента кадастровой стоимости земельного участка, действующей на момент обращения заявителя:

а)при продаже собственникам зданий, сооружений либо помещений в них в случае, если в период с 30 октября 2001 года до 1 июля 2012 года в отношении таких земельных участков осуществлено переоформление права постоянного (бессрочного) пользования на право аренды, и в случаях, предусмотренных пунктом 2.2 статьи 3 Федерального закона от 25 октября 2001 года № 137-ФЗ **«О введении в действие Земельного кодекса Российской Федерации»;**

б)при продаже земельного участка гражданам, являющимся собственниками отдельно стоящих жилых домов с количеством этажей не более чем три, предназначенных для проживания одной семьи (объекты индивидуального жилищного строительства), расположенных на приобретаемых земельных участках в случаях, предусмотренных статьей 39. 20 Земельного кодекса Российской Федерации;

5. цена продажи земельного участка определяется в размере 15 процентов кадастровой стоимости земельного участка, действующей на момент обращения заявителя:

а) при продаже земельного участка, расположенного в границах населенного пункта предназначенного для ведения сельскохозяйственного производства и переданного в аренду гражданину или юридическому лицу, этому гражданину или этому юридическому лицу по истечении трех лет с момента заключения договора аренды с этим гражданином или этим юридическим лицом либо передачи прав и обязанностей по договору аренды земельного участка этому гражданину или этому юридическому лицу при условии отсутствия у уполномоченного органа информации о выявленных в рамках государственного земельного надзора и не устранённых нарушениях законодательства Российской Федерации при использовании такого земельного участка в случае, если этим гражданином или этим юридическим лицом заявление о заключении договора купли-продажи такого земельного участка без проведения торгов подано до дня истечения срока указанного договора аренды земельного участка;

б) при продаже земельного участка гражданам для индивидуального жилищного строительства, ведения личного подсобного хозяйства в границах населенного пункта, садоводства, дачного хозяйства, гражданам или крестьянским (фермерским) хозяйствам для осуществления крестьянским (фермерским) хозяйством его деятельности в соответствии со статьей 39.18 Земельного кодекса Российской Федерации;

в) при продаже земельного участка, расположенного в границах населенного пункта и предназначенного для ведения сельскохозяйственного производства, на котором отсутствуют здания или сооружения, и, если такой земельный участок предоставлен сельскохозяйственной организации или крестьянскому (фермерскому) хозяйству на праве постоянного (бессрочного) пользования или

# ПОЯСНИТЕЛЬНАЯ ЗАПИСКА

**к проекту Решения Собрания депутатов «Порядок определения цены продажи земельных участков, находящихся в собственности муниципального района «Казбековский район» при заключении договоров купли-продажи земельных участков без проведения торгов».**

В соответствии со статьей 39.3 Продажа земельных участков, находящихся в государственной или муниципальной собственности, осуществляется на торгах, проводимых в форме аукционов и без проведения торгов.

При заключении договора купли-продажи земельного участка, находящегося в государственной или муниципальной собственности, на аукционе по продаже земельного участка цена такого земельного участка определяется по результатам аукциона

При заключении договора купли-продажи земельного участка, находящегося в государственной или муниципальной собственности, без проведения торгов цена такого земельного участка, определяется в со статьей 39.4 Земельного кодекса РФ от 25.10.2001г ФЗ 1361) Правительством Российской Федерации, в отношении земельных участков, находящихся в федеральной собственности;

2) органом государственной власти субъекта Российской Федерации, в отношении земельных участков, находящихся в собственности субъекта Российской Федерации, и земельных участков, государственная собственность на которые не разграничена;

3) органом местного самоуправления, в отношении земельных участков, находящихся в муниципальной собственности.

При заключении договора купли-продажи земельного участка, находящегося в государственной или муниципальной собственности, без проведения торгов цена такого земельного участка не может превышать его кадастровую стоимость или иной размер цены земельного участка, если он установлен федеральным законом.

**ФИНАНСОВО-ЭКОНОМИЧЕСКОЕ ОБОСНОВАНИЕ**

проекта Решения Собрания депутатов Об утверждении Порядка определения цены продажи земельных участков, находящихся в собственности муниципального района **«Казбековский район»** при заключении договоров купли-продажи без проведения торгов.

Представленный проект Решения Собрания депутатов муниципального района не требует финансовых затрат с бюджета района.

**ПЕРЕЧЕНЬ**

нормативных актов муниципального района подлежащих признанию утратившим силу, приостановлению, изменению или принятию в связи с принятием Решения об Утверждении Порядка определения цены продажи земельных участков, находящихся в собственности муниципального района **«Казбековский район»** при заключении договоров купли-продажи земельных участков без проведения торгов.

Принятие Решения Собрания вышеуказанного порядка потребует отмены ранее принятого решения Собрания депутатов муниципального района от 16 ноября 2016г №6/51 **«О порядке определения цены земельного участка, находящегося в муниципальной собственности муниципального района «Казбековский район» (далее-земельный участок), при заключении договора купли-продажи земельного участка без проведения торгов».**

# РЕШЕНИЕ

**1 марта 2018 г. № 6/106 с. Дылым.**

***по вопросу «О состоянии агропромышленного комплекса района и путях улучшения его управления и оздоровления»***

Заслушав и обсудив информацию председателя постоянной комиссии Собрания депутатов муниципального района Казбековский район по сельскому хозяйству, промышленности, строительству, ЖКХ, транспорту и связи Меджидова Н.Н. по вопросу «О состоянии агропромышленного комплекса района и путях улучшения его управления и оздоровления», Собрание депутатов муниципального района

**РЕШИЛО:**

1. Принять к сведению информацию постоянной комиссии Собрания депутатов МР «Казбековский район» **по сельскому хозяйству, промышленности, строительству, ЖКХ, транспорту и связи** о состоянии агропромышленного комплекса района.

2. Администрации муниципального района разработать и утвердить план мероприятий по выводу агропромышленного комплекса района из создавшегося критического положения и определению путей оздоровления его экономического состояния.

3. В целях оказания действенной помощи сельхозтоваропроизводителям района по вопросам эффективного и целевого использования земель сельскохозяйственного назначения и соответственно увеличения производства продукции отрасли животноводства:

а) Ходатайствовать перед руководством Республики Дагестан о принятии радикальных мер по разрешению земельного спора между **ГУП «Дылымский», СПК «Дружба» и СПК « Победа» Казбековского района и МО «село Львовское №1» Бабаюртовского района.**

б) Ходатайствовать перед **ФГБУ «Минмелиоводхоз РД»** о включении в план работы на 2019 год строительства акведуков на оросительных каналах, обслуживающих хозяйства Казбековского района.

в) Ходатайствовать перед **Министерством сельского хозяйства и продовольствия РД** о необходимости создания равных условий субсидирования сельхозтоваропроизводителей по критериям оценивания результатов их деятельности.

г) Ходатайствовать перед **Министерством сельского хозяйства и продовольствия РД** о включении в план мероприятий на 2019 год бурение артезианской скважины на территории МТФ. **МУП «Хубар» Казбековского района –**

3. Настоящее решение опубликовать в СМИ и разместить на официальном сайте администрации муниципального района.

4. Настоящее решение вступает в силу с момента его подписания.

***Председатель Г.М. ГИРИСХАНОВ.***

*Дилим росулъ школа рагъаралдаса -100 сон!*

# ГIасруялъул тарихалда жаниб…

*(Цебесеб - 19 февралалда бахъараб «Чапар» газеталда (№ 8, 7 гьум.)).*

***Рагъаралдаса нахъе, Дилим росдал школалъ хасаб бак1 ккуна районалъулгун республикаялъул маг1ишат, маданият, лъай-кьей, г1елму, сахлъиц1уни, спорт ва гьел гурел цогидалги к1вар бугел рахъал церет1езариялъулъ. Гьеб школа лъуг1арал, гьенир ц1алулел рук1арал х1алт1ана ва х1алт1улел руго районалъулги, республикаялъулги, Россиялъулги бат1и-бат1иял идарабаздагун хъулухъазда: судазда, прокуратурабазда, полициялда, ФСБялда, армиялдагун флоталда. Гьезда гьоркьор г1емер руго Дагъистаналъул, РСФСРалъул,СССРалъул, Россиялъул пачалихъиял шапакъатаздалъунги мустах1икъал ц1араздалъунги к1одо гьарурал. Бечедаб буго гьезул сиях1 ва макъалаялда гьел киналго рехсезе рес рекъоларо. Кин бук1аниги, рак1алъ толев гьеч1о, район, республика тун къват1ирцин ц1ар раг1инабурал цо-цоязул ц1арал рехсеч1ого.***



**Х1аписат Х1амзатова**

–Хасавюрт шагьаралъул горкомалъул кIиабилей ва нилъер райкомалъул тIоцеесей секретарь, Дагъисталъул министразул Советалъул председателасул заместитель, информациялъул министр, Пачалихъияб Думаялъул депутат.



**Вагьид Муслимов**

-технический гIелмабазул доктор, профессор, Дагъисталъул энергосистемаялъе кьучI лъурав, СССРалъул мустахIикъав энергетик.



**Абакаров ГIабдула**

- школалъул директорлъун хIалтIарав, физикаялъулгун математикаялъул гIелмабазул доктор, дунялалда цIар рагIарав ядерникияв физик, Узбек ССРалъул академиялъул академик.



**Юсуп Дадаев-** тарихалъул гIелмабазул доктор, профессор, гIемерал гIелмиял хIалтIабазул автор, Халкъалда гьоркьосеб Имам Шамилил фондалъул председатель.



**ГIумарасхIаб Загьиров** –медицинаялъул гIелмабазул доктор, Дагъистаналъулги Россиялъулги мустахIикъав тохтур, Россиялъул медицинаялъул академиялъул член- корреспондент.



**МухIамад ГIабдулкеримов (ХIусенов)-** РФялъул мустахIикъав тренер, дунялалъулгун олимпиадабазул чемпионал куцарав.



**Аюб Дадаев-** к1иабилеб рангалъул капитан, Каспиялъул флотилиялъул **«Дагъистан»** абураб гамузул къокъаялъул командир, Дагъистаналъулгун Россиялъул флоталъул чIухIи.



**Зайгьарат Эмеева**-2017 соналъ меседил медалалда школаги лъугIизабун, гьей лъугьана МГУялъул юридическияб факультеталде.

(Меседил медалаздалъун 2017 соналъ школа лъугIизабуна МухIамад Алясаевас ва ХIажимурад Асирдиновас.

Нижер цIалдохъабазда гьоркьосан вахъана 14 гIелмабазул доктор, 24 кандидат. 50 цIалдохъанас лъугIизаруна рагъулаб лъайкьеялъул тIадегIанал идараби, ункъояв жеги цIалулев вуго. ГьабсагIаталда Россиялъул армиялдагун флоталда хъулухъ гьабулеб буго Дилималдаса 26 офицерас.

Гьаб соналъ школалда цIалулев вуго 921 цIалдохъан, гьезул 126-тIоцебесеб классалда. Гьезие лъайгун тарбия кьолеб буго 100 мугIалимас. Гьезда гьоркьоса 76-ясул буго тIадегIанаб лъай, 14-ясул - тIадегIанаб категория, 29 - ясул тIоцебесеб категория. «**Дагъистаналъул мустахIикъав учитель», «Россиялъул мустахIикъав учитель»** абурал цIаразе к1игояв мустахIикълъана, кIигоясе щвана Президентасулал грантал.

МугIалимзабазда гьоркьор руго **«ДРялъул лъайкьеялъул отличник»** (6) ва **«РСФСРалъул халкъияб просвещениялъул отличник»** (2), **«РФялъул гIаммаб лъайкьеялъул хIурматияв хIалтIухъан» (12), «Дагъистаналъул мустахIикъав учитель» (15), «Россиялъул мустахIикъав учитель»** (1) абурал цIарал щварал. Лъабго мугIалимасе **«СССРалъул халкъияб просвещениялъул отличник»** ва 19-ясе- **«РСФСРалъул халкъияб просвещени ялъул отличник»** абурал гIаламатал щун руго.

Гьел мисалаз бицуна ракIбацIцIадал, лъайгун махщел бугел мугIалимзаби гьенир рукIараблъи ва ругеблъи. Гьединлъидал, школа бук1ана ва буго лъайгун тарбия кьеялъул идарабазул цебесеб кьерда. Гьелъие нугIлъи гьабула батIи-батIиял олимпиадабазда, конкурсазда ва къецазда школалъул цIалдохъабазе щварал шапакъатаз.

Гьарулел хIалтIабаз лъикIал хIасилал кьола бажаригун махщел ва цоцалъ гъунки бугеб коллектив бугони. Гlемерисеб лъайгун тарбия кьеялъул хIалтIи бараб букIуна, узухъда, коллективалъе нухмалъи гьабулесдаги. Цере лъурал масъалаби бетIералде рахъинаризе ритIарал нухал гьесда ратулел ругони, хIалтIи цебехун инчIого рес гьечIо. Гьеб рахъалъги нижер школалъе битIккана. Лъай бугеллъун ва унго-унгоял гIуцIарухъабилъун рукIана школалъул тарихалда лъалкI тарав 23 директор: Ибрагьим ХалилхIажидасан байбихьун, жакъа гьелъие нухмалъулей Язрапат Юсуповалде гIунтIун. Гьезда гьоркьоб хасаб бак1 ккола, жидер мунагьал чураял, - **ГIизудин ХIажиевас, ГIабдулкарим АхIмадовас, Багьавдин Къазуевас, Камилбег Нуцаловас, Абубакар ГIабдулкеримовас, Батули Гереевалъ** ва жакъа нилъгун ругел-Камилгере Ибрагьимовас, МухIамад-апанди Дадаевас. РакIбацIцIад ва бажарун гьабураб хIалтIухъ гьел гьалмагъзаби мустахIикълъана орденазе, медалазе, ц1аразе ва цогидалги шапакъатазе.

ГьабсагIаталда школалъе нухмалъи гьабулей Язрапат Юсуповалъе щвана Президентасул грантги **«Россиялъул гIаммаб лъайкьеялъул хIурматияв хIалтIухъан»** абураб тIадегIанаб цIарги.

Гьединаб буго Дилим росдал №1 школалъул букIараб ва гьанжесеб лицеялъул къокъго хъвараб тарих. Жидер хIакъалъулъ хъвазе ва бицине мустахIикъал мугIалимзаби нижер школалда гIемер руго.

***Х1ажи МУРТАЗГ1АЛИЕВ, Россиялъул мустах1икъав учитель.***

# Спорт-инсанасул сахлъи

## Волейбол



2-4 марталда Дилим росдал гимназиялда тIоритIана, Дагъистаналда тIоцебесеб бакIалъе гIоло, Северияб зонаялде гьоркьоре унел, ва, 2000 соналъ гьаруралгун гьездаса дагьал гIисинал гIолилазда гьоркьор, волейбол хIаялъул къецал. Гьенибе гIахьаллъана 5 команда. Киналго дандчIваязда ракIчIараб бергьенлъиги босун, нилъер гIолилазул команда гьениб бачIана тIоцебесеб бакIалде (тренерал: С. Гилакаев, Гъ.Гъайирбеков ва Ш.МухIамадов). Нилъер командаялъе рес щвана МахIачхъалаялда тIорит1изе ругел финалиял къецазда гIахьаллъизе.

## «Жея, васал!» къецал



3 марталда Дилим росулъ тIоритIана **«Жея,васал!»** абурал рагъулалгун спортивиял хIаял. Республикаялда тIоритIулел хIаязул бутIалъун кколел гьел хурхинарун рукIана ВатIан цIунулесул къоялда.

**«Казбек районалъул гIолилал-терроризмалдегун экстремизмалде ва наркотиказде данде»** абураб ахIиялда гъорькъ тIоритIарал гьел хIаязда гIахьаллъана росабазул школаздаса 9 команда.

ХIаязул гIахьалчагIазда баркиялъул рагIаби абуна ва хIаязухъ балагьана - районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаев, гьесул заместителал: И.И. Шабазов, И.Б. Салимханов, **«Бигьараб Россия»** Федералияб проекталъе нухмалъулев Шамиль ГIалиев, Дагъистаналъул Северияб округалда бугеб **«АсПатриоты»** абураб жамгIияб гIуцIиялъул куратор МухIамад МухIамадов ва гь.ц.

Гьел хIаязда тIоцебесеб бакIалде рачIана Гуни росдал гимназиялъул цIалдохъаби, кIиабилеб бакI босана Дилим росдал гимназиялъул гIолилаз ва лъабилеб - лицеялъул командаялъ.

## ФУТБОЛ




4 марталда Дилим росдал «Медресе-Арена» спортплощадкаялда тIоритIана Казбекалъул футболалъул лигаялъул мини-футбол хIаялъул тIоцебесеб тур. Гьенире гIахьаллъана районалъул росабалъа I6 команда. ФКялъулгун спорталъул, гIолилазда гьоркьор ишал тIоритIиялъул отделалъул ва **«Казбекалъул гIолилал»** ДРОялъул хIаракаталдалъун тIоритIулел гьел хIаял халат рахъине руго ункъо моцIалъ. ХIаязул сезон рагьиялъулъ гIахьаллъи гьабуна- районалъул администрациялъул хIалтIухъабаз,росабазул бутIруз ва футбол бокьулез.

*И. БУЛАТХАНОВ.*

*Телефоназулаб гукки*

## Ãüåëäàñà öIóíèÿëúå ùèá ãüàáèëåá?

Балъголъи гуро ахириял соназда техническиял рахъал цIакъ хехго цере унел ва гьез инсанасул захIмат бигьалъизабулеб рукIин. Амма гьеб киналъулго буго квешаб рахъги. Компьютеразул кумекалдалъун, хIалтIи хехго ва бигьаго гьабизе кIваниги, гьез рес кьолеб буго цIогьазухъе, жуликIазухъе ва гь.ц. бокьараб информация щвеялъе. ГьабсагIаталда бищунго тIибитIараблъун ккола телефоназдасан гIадамал гукки.

**Мисал.** Нилъер бокьарасул телефоналде ах1ун бачIине ва, гьеб борхарабго, гьениб рагIизе бегьула:

-Дун вуго банкалда хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул рахъалъ хIалтIухъан. Гьаниб бугеб дур счёталде **«тIаде кIанцIи»** гьабун буго гьерсихъабаз-хакераз. Гьелъ, хIажат буго дур пин-кодгун **«гIарац битIи нахъе бахъи» абурал рагIаби хъвараб лъазаби нижехъе битIизе, яги диде абе дур карточкаялъул номергун пароль»**, - ан.

Гьединго, бокьараб сайталдасан яги батIи-батIиял цадахълъелаздасан (приложение, мисал: **«Авито»**) нужехъе бачIине бегьула хIажатал алатал, тIагIел- гIучI, учузго, ричулел ругилан ва рехсараб номералде гIарац битIеян. ГIарац битIун хадуб, гьез телефон хIалтIизе биччаларо ва нуж гIарцудаса ратIалъула.

**ХIурматиял районцоял, цIодорлъи гьабе!**

ТIадехун рехсарал кIалъаял яги лъазабиял нужехъе рачIани,гьабуге гьезие жаваб, бицунге лъиданиги щибниги,битIуге бачIине бицараб къайи-матахIалъухъ нужерго гIарац.

*ОМВДялъул СОялъе нухмалъулев.*

*Халкъияб медицина*

## РакI унтаразе дару

Босе катаналъул ( марля)гьитIинаб таргьа, бай гьелъубе цо стакан жаккиялъул(рябина). Лъе гьеб 3 литр жанибе унеб балоналъуб.ТIаде бай цо стакан чакаралъул ва рехе гьенибе цо кесек чIегIераб чадил (Лъеца тIаде рехичIого букIине, катаналъул таргьиниб цо гьитIинабго гамачI лъе).

Хадуб, кIиго гъат гьабун, кIалтIуялда катанги бухьун, балон лъе хинаб бакIалда (кIиго анкьалъ).

Зама-заманалда цIулал гъудалъги багъарун, тIаде бачIараб полоп нахъе босе. ЦIузеги цIун, лъугьараб лъамалъи холодильникалъуб цIуне ва кваназе 20-25 минут хутIараб мехалъ, гьеб лъамалъиялъул бащдаб стакан гьекъе.

*«Бабушкины рецепты» ( № 1, 2018сон), журналалдаса босараб.*

## ОБЪЯВЛЕНИЯ

***О проведении публичных слушаний по вопросу изменении вида разрешенного использования земельного участка.***

11.04.2018 года 10:00 в здании администрации сельского поселения **«село Дылым»** по адресу Казбековский район с. Дылым ул Саида Афанди 15.состоятся публичные слушания по вопросу изменении вида разрешенного использования земельного участка из категории земель **«земли поселения»** кадастровым номером 05:12:000001:3881 с площадью 300 кв.м. находящегося на праве собственности Мухудинову Абдулатипу У., расположенного по адресу: с. Дылым, ул. Саида Афанди 15 с вида разрешенного использования **«Личное подсобное хозяйство»** на вид разрешенного использования **«Предпринимательство».**

*Глава администрации И.М. МАГОМЕДОВ.*

Утерянный аттестат А № 8887679 об общем среднем образовании, выданный Калининаульской средней школой в 2000 г. на имя **Мансуровой Курбангиз Закарьяевны,** считать недействительным.

*БетIерав редактор: Мухтар ГIалиевич Чупалаев тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь: МухIамад-Шарип ГIабдулашимов тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби: ХIалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Сапият СултанмухIамадова*
*Фотомухбир: Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо ХIайбаева*
*Верстка: Марьям АтавхIажиева, Зайнаб ГIабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде къураб заман 16.00. Х1акъикъаталда печаталде къураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район" Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368141, Саид-Афандил къват1,2*
*Индекс: 51354*
*Заказ №231 Тираж 1271*
*Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*